



Lwa sou Swen Abòdab E Ou Menm

Yon Gid pou Travayè nan Jaden ak Fanmi yo ki Sitwayen Ameriken epi “Imigran ki Kalifye”

Si ou menm oubyen yon manm fanmi w se yon sitwayen ameriken oubyen yon “imigran kalifye” w kapab resevwa asirans sante pi fasilman. Ou kapab kalifye pou Medicaid oubyen w ka achte asirans sante nan mache nan leta kote w ap viv lan, kote ou kapab kalifye tou pou asistans finansyè ki pou ede w desann pri asirans sante w.

Kiyès ki se yon “imigran kalifye?”

Ou se yon imigran kalifye si w se:

- Yon rezidan pèmanan legal (yon moun ki gen “green card”) pandan plis pase 5 ane
- Yon refijye oubyen w gen azil politik
- Yon sivivan trafik (avèk yon “T-visa”)

Ki chwa mwen genyen pou asirans sante?

Medicaid

Medicaid se yon pwogram asirans sante publik ki pèmèt ou jwenn swen sante pou yon ti kòb oubyen gratis, avèk ladan li swen medikal regilye ak an ijans epitou medikaman doktè preskri w.

Kijan mwen kapab aplike?

- Ou dwe pou w se yon rezidan nan eta kote w ap aplike pou benefis lan. Elijibilite selon sa w ap touche varye selon nan ki eta ou ye. Gen kèk eta ki elaj Medicaid la pou l kouvri plis moun.
- Ou kapab pran kontak ak ajans lokal sèvis sosyal nan eta pa w lan, oubyen sant sante komunitè lokal ou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Medicaid.

Asirans Sante Prive

Chak eta genyen yon “mache kote yo vann asirans sante” kote ou kapab achte yon plan asirans sante prive. Tout plan yo genyen yon seri sèvis medikal debaz. Ou kapab chwazi plan a ki pi bon pou ou menm ak fanmi w lan. Ou kapab aplike pou èd finansyè tou pou w kapab desann pri asirans la ap koute w.



Kijan m kapab aplike?

- Ou kapab aplike nan telefòn, nan konpitè, oubyen ou kapab ranpli yon aplikasyon sou papye.
- Gen anpil òganizasyon kominotè ak sant sante kominotè ki gen pèsonèl ki fòme epi ki disponib pou reponn kesyon w yo epi pou ede w aplike pou asirans sante.
- Mande sipèviziè w la si patwon w ofri asirans sante anvan w al aplike pou asirans nan mache a.

Siveye mètdam yo pou yo pa volè kòb ou!

Ou dwe fè premye pa a pou w aplike pou asirans sante. PINGA W JANM bay moun ou pa konnen k ap rele w enfòmasyon pèsonèl ou tankou nimewo kat kredi w yo, nimewo kont ou nan bank, oubyen nimewo Sekirite Sosyal ou, oubyen dat ou fèt.

Ajans gouvènman yo nòmalman kominike atravè lapòs. Si ou jwenn yon apèl nan telefon, yon tèks mesaj oubyen yon email soti nan yon organizasyon ou pa konnen, san w pa t mande sa, fèmen telefòn la, oubyen pa reponn. Sant sante kominotè lokal ou an kapab rele w si w se yon pasyan. Men, yo pap mande w enfòmasyon pèsonèl nan telefòn. Pito, li probab y ap envite w pou w vini nan sant sante a pou yo pale ak ou sou divès chwa asirans sante ou ka genyen.



Rele **800-318-2596** pou w pale avèk yon moun ki kapab reponn kesyon w yo, oubyen ede w enskri. Toujou gen èd disponib an kreyòl ayisyen.

Ou kapab jwenn èd tou nan:

Avètisman HRSA a: Se donasyon nimewo U30CS22741 ki sòti nan Biwo Resous Sante ak Administrasyon Sèvis pou Swen Sante Primè ("Health Resources and Services Administration's Bureau of Primary Health Care") ki sipòte publikasyon sa a. Se sèl Farmworker Justice ki responsab sa k nan publikasyon sa a e li pa nesesèman reflete pwendvi ofisyèl "Bureau of Primary Health Care" an oubyen "Health Resources and Services Administration" a.

Farmworker Justice | 1126 16th St NW Suite 270 | Washington, DC 20036 | www.farmworkerjustice.org

